

Rekonstri pi byen: Ti konsèy nan magazen pou renovasyon kay nan konte Lee

Release Date: January 5, 2018

ORLANDO, Fla. – Espesyalis FEMA yo pral disponib nan lokalite ki site anba a pou reponn kèk kesyon epi pou ofri kèk ti konsèy ak teknik pou konstwi kay ki ka reziste ak danje, pou ede prevni oswa redui domaj pou lòt katastwòf k ap vini yo. Pifò nan enfòmasyon yo pral bay yo se pou moun ki ka fè travay sa yo poukont yo ak moun ki se antreprenè jeneral. Yo pral kouvri sijè tankou rekonstri kay ki inonde, ranfòse sèvis piblik yo ak asirans kont inondasyon.

W ap jwenn bwochi referans gratis ki disponib ki gen enfòmasyon sou fason pou pwoteje yon kay kont domaj inondasyon. W ap jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje pwopriyete nan www.fema.gov/protect-your-property.

Konseye FEMA yo pral disponib nan magazen sa a **8 janvye – 20 janvye 2018**. Ekip la pral la tou le **15 janvye ki se jou Martin Luther King Jr.**

Konte	Lokalite	Lè
Lee	Lowe's 1651 NE Pine Island Road Cape Coral, FL 33909	Lendi – Samdi 8:00 a.m. – 6:00 p.m.



FEMA

Page 1 of 2

Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou yo ak premye sekouris yo pou asire antanke yon nasyon nou travay ansam pou bati, mentni epi amelyore kapasite nou pou n prepare n pou tout danje, pwoteje kont tout danje, reponn a tout danje, rekipere de tout danje epi aleje tout danje.

Asistans pou retablisman akòz katastwòf la disponib san nou pa gade sou ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, konpetans nan lang anglè oswa estati ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.

Asistans lojman tanporè FEMA a ak sibvansyon pou depans pou transpò piblik, depans medikal ak dantè, ak depans pou fineray ak antèman pa mande pou yon moun aplike pou prete lajan nan SBA. Sepandan, kandida ki resevwa aplikasyon pou prete lajan nan SBA dwe soumèt aplikasyon sa yo bay responsab kredi SBA yo pou yo ka elijib pou asistans ki kouvri pwopriyete pèsònèl, reparasyon machin oswa ranplasman machin, ak depans pou demenajman ak pou mete bagay nan depo.

###



FEMA

Page 2 of 2